Іэ тедзэгъуэр иухыным къэнэжар махуэ 3-щ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОК!

№123 (21.281) ● 2008 гъэм мэкъуаугъэм (июным) и 26, мэхуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Жылагъуэм пкърыт узыфэ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм Правительствэм хухаха сыхьэтым хиубыдэу депутатхэр щытепсэлъыхьащ коррупцэм ебэныным, абы земыгъэубгъуным хуэунэтІыкІ зэфІагъэкІхэм.

ЗэІУЩІЭМ доклад щищІащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ **Томчак Юрий.** Абы зэрыжиІамкІэ, Іулъхьэ зэблэзэгъэкІэхэмрэ щІэпхьаджащІэхэмрэ кьыззэрыщІагъэщ Іэмалхэр йофІакІуэ. А лэжьыгъэр йокІуэкІ япэкІэ зэхалъхьауэ щыта план пыухыкІам тету. Апхуэдэу КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и советым щІыгъуэ зэхалъхьа «2008 - 2010 гъэхэм КЪБР-м коррупцэм зыщедмыгъэубгъуныр» республикэ программэ хэхар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщтащ.

Доклад зыщІам мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьихьащ: 2007 гъэм кьриубыдэу Іулъхь этыным, кьеІыхьым пыщІа щІэпхьаджагъэу 127-рэ, мы гъэм и яп мазитхуэ - 80 кьыщІагъэщащ. Нэгъабэ Іулъхь экъеІыхьым, тыным пыщІа щІэпхьаджагъэу 99-рэ, мы гъэм и яп мазитхуэ – 39-рэ эхагъэкІри судым ираташ.

Томчак Юрий кьыхигъэщхьэхуІащ коррупцэм пыщІа Іуэхуэр кьыззрыщІэгъэщІыгъуейр, апхуэдэ щІэпхьаджагъэхэр эгугрыІуэуэ зэралъхьым кьыхэкІыу. Мыпхуэдэ хабзэншІагъэм теухуауэ зыри къэтэлъхьэхьэркъым, лъэныкъуитІми абы фейдэ кьызэрыхахым кьыхэкІыу. Уеблэмэ щІыхуэхэм Іулъхьэ ятыну залымыгъэкІэ щрагъэзым джи тхьэусыхэр мащІэщ, Іулъхьэ зэблэзыгъэкІэхэр яхуэфащэ жэуапым ирашэлІэну куэдым я фІэщ зэрымыхъум кьыхэкІыу. КЪБР-м щыІэ МВД-м и лъжьакІуэхэр хущІокъу мы щІэпхьаджагъэр кьыщІэгъэщыным хуэунэтІауэ республикэм иц щыхуэмэ нэхъ зыубгъуауэ эрадзэлэжьэным. КЪБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэм, кьулыкъухэм, щыналъэ отделхэм щыІэщ сытым джи щІыхуэхэм зэрызыхуэдэщ хуэну телефонхэр. Абыхэмкіэ псалъэу жэщми махуэми милицэм хъыбар ирагъащІэ хьунущ Іулъхьэ эзратам е ятыну зэрызагъэхьэзырым теухуауэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Налшык къалэм ещанэ увыпІэр къехь

2007 гъэм ирагъэкІуэкІа «Урысейм и къалэ нэхъ зэІуэпэщ дыдэ» урысейпсо конкурсым кьрикІуахэр кьащыхъжащ. А зэпеуэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм ещанэ увыпІэр кьыщихьащ. Мы конкурсым официальнэу кьрикІуахэр Урысей Федерацэм и Правительствэм зыхуэфащэ и унафэр кьыдэкІа нэужь кьытрадзэнущ.

КОНКУРСЫМ хэтахэр гупищу зэхэсгъэщхьэхуКІауэ щыташ. Ящэ гупым хэтащ Урысей Федерацэм и субъектхэм я къалащхьэхэр, етІуанэ гупым кьызэщІиубыдэрт щыхуэ минищым щегъэжьауэ щыпсэу къалэ инхэр, ещанэ гупым хэтт щыхуэ минищэм щІимыгъэ зыдэс къалэхэмрэ кьалэ тепльэ зиІэ поселкэхэмрэ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм, Федеральнэ Зэхуэсым я ліыкІуэхэр, депутатхэр, жылагъуэ зэгухэпныгъэхэм я унафэщІхэр, псэупІэ-коммуналькэ хозяйствэм, архитектурэм, къалэхэр ухуэным, санитарие, эпидемиологие Іуэхуэхэм, дахъэзыухъуреихь дунейм, экологием, гъэзугъэм шынагъэншэу щызекІуэным телажьэ Іэщіагъэлэжьэ зыхэта комиссэм кьиІыбытащ Налшык къалэр зэІуэзэпэ щыІэм теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр арэзы узытехъуэ хъуну.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ ильэсипщІ лъандэрэ екІуэкІ мы зэпеуэм ди къалэр хъарзынэу зэрыхэтыр. Къапщтэмэ, 1997 гъэм абы ещанэ увыпІэр, 1998 гъэм ящэ увыпІэр кьихьащ, 2002 гъэм УФ-м Уэхэныгъэмкіэ и къэралкомитетым и Щыхь дипломыр, 2001 гъэм - зэІуэзэпэщ гъэжьыгъэфІ зэрырагъэкІуэкІым папщІэ дипломыр, 2002 гъэм Щыхь дипломыр кьыхуагъэфэщащ, 2003 гъэм Налшык а конкурс дыдэм ещанэ увыпІэр щыдыдащ. 2006 гъэм ирагъэкІуэкІа зэпеуэм кьрикІуахэм япкъ иткІэ республикэм и къалащхьэм кьратащ Урысей Федерацэм Уэхэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналькэ хозяйствэмкіэ и агентствэм и дипломыр.

КУБАДИЕВЭ Нуржан,
Налшык къалэм и администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Урысей Федерацэм и Олимп командэр зэхагъэувэ

А гупым хэхуащ Джэданэ Алимрэ Махуэ Билалрэ

Урысей Федерацэм и командрэм хэту Пекин щекІуэкІыну Гъэмахуэ Олимп Джэгуэгъэ ящ1ыну Олимп спортсмен 450-м щыщу 186-м я щІэхэр кьыжащащ. Мэкъуауэгъэуэм и 22-м ирихьэлІэу спорт лІэужьыгъуэ 13-мкІэ кьэралым и олимп командхэр зэхагъэуващ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъуащ, дзюдомкІэ гупым килограмм 66-рэ хьуэхэм я бжьыбанэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, тренер Сэралъп Олег и гъэсэн Джэданэ Алим командэм ящэ дыдэу щыщытащ. Апхуэдэ щІыхь иГуэтащ адыгэ пелуан Махуэ Билалри. Бэнэжьэ хуитымкІэ командэм и тренер нэхъыщхьэ Тедеев Дзамбулэт килограмми 120-рэ зи хьэльагъэхэм я джеж щыбанэхэм ди щІалэр ящэу щигъэуващ икІи кьызэрыхигъэщамкІэ, адэкІэ кьэзэжьыр зыри зэрэан кьахэхъмыхьэу гупым Олимп Джэгуэхэм зыхуигъэхьэзырыныр щ1.

НэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэхэм, псом хуэмыдэу алыдж-урым бэнэкІэмрэ атлетикэ кьэлэпмрэ, зыкъуэзыгъасэ ди лъахэхэуэ Пекин ящэкІэ абыхэм я командэр командэзэ зэхагъэуваркьым, езы спортсменхэм я кьыззрыхах зэхьэзэхуэхэм хэтыну кьапэщылъщ, ауэ, зэрыщІэщІи, Хъущт Асльэнбэч алыдж-урым бэнэкІэмкІэ олимп командэм ящэ номеру щыщытащ. Апхуэдэ екъуэдиныгъэкІэ дыщыгугъэ хьуну кьыщтюхьу иужьрей зэманым фІыуэ зыщхьэзыгъэлъагъуэ Абдуллин Асльэн, нэгъуэщІхэми. Псалъэм папщІэ, алыджурым бэнэкІэмкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэу тІу бдзэуэгъэуэм и 1-5-хэм кьриубыдэу екІуэкІыну. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ар кьыз1эрыхахьыу щытынущ. Абы кьрикІуахэм ельитауэ олимп командэрэ зэхагъэувэнущ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр кьапэщылъщ адрей спортсменхэми.

Фигу кьэдгъэкІыжьинщи, Пекин и Гъэмахуэ Олимп Джэгуэгъэ щыщхьэІум и 8-24-хэм екІуэкІынущ. Спортсменхэр спорт лІэужьыгъуэ 38-кІэ (дисциплинэу 42-рэ) зэпеуэнущ, медаль 302-м щІэбэнынущ: щыхьэгъуэхэр - 165-м, щыхубзхэр - 127-м, зэхэту - 10-м.

Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам Олимп Джэгуэхэм кьалэн нэхъыщхьэу зыщыхуигъэувыжкІар ящэ увыпІэр Пекин кьщыкьнырщ, ауэ спорт lэщІагъэлІхэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм кьагъэльагъуэр нэгъэщІщ. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, ди командэм ещанэ увыпІэр кьыхуэзыну аращ икІи 2004 гъэм Афины щекІуэкІа Олимп Джэгуэхэм кьыщаха ведаль бжьыгъэм нэхърэ мы гъэм 16 хуэдизкІэ нэхъ мащІэщ. США-м и командэм етІуанэ увыпІэр ираташ. Абы и медалхэм 13 хуэдизкІэ кІэрыкІуэгъуэщи, ящэ увыпІэр Китайм ираташ. Абы и щхьэусыгъэри мыращ: я унэ щоджэгу, къэралым, спортым и мызакъуэу, экономикэ зыужьыныгъэ ягъуэт зэпытщ. Ильэсипщ и пэкІэ екІуэкІа Олимп Джэгуэхэм кьыщыхьа медаль бжьыгъэри 35-рэ хуэдизкІэ нэхъыбэжу хуагъэфащэ.

ХЬэщІыкЪуей Олег.

«И къалэным зэрыхуэпэжым папщІэ» дамыгъэр Кобзон Иосиф хуагъэфащэ

Мэкъуауэгъуэм и 23-м Налшык дэт Музыкэ театрым концерт хьэлэмэт щаташ СССР-м и цыхуэб артист, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Кобзон Иосифрэ Урысей Федерацэм и МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм уэрэдымрэ кьафэмкІэ я ансамблу Урысейм и цыхуэб артист, милицэм и генерал-майор Елисеев Виктор эи унафэщІымрэ.

АБЫ ЕПЛЪЫНУ хуеяхэр апхуэдизкІэ куэдти, билетхэр икьуэкІэ зэпэубыдауэ щытащ. Концертым щагъэззэщІащ куэд щІауэ цыхуэхэм фІыуэ яльэгъуэ уэрэдзэри иджырей композициэхэри, Уэрэдзэр щІэзэпыуэм хуэзэу Кобзон Иосиф кьызэхуэсахэм яхуІиуэтэжащ илъэс куэд лъандэрэ КЪБР-м и Президент Кьаныокъу Арсенрэ щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ министр Тут Заррэ ныбжьэгъугъкІэ зэрапыщІар.

Концертыр зэфІэкІа иужь сценэм зэщыгъуу кьыхьащ республикэм и унафэщІ лэжьакІуэхэмрэ хьэщІэхэмрэ. КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1 **Кьэжэр Альберт** республикэм и Президентым кьыбгъэдэкІыу артистхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным къаруущхэ зэрырахьэлІэм папщІэ КЪБР-м и Правительствэм и Щыхь тхьылъыр Кобзон Иосиф, Елисеев Виктор, УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и унафэщІ Агафонов Юрий сымэ яритащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ **Томчак Юрий** УФ-м и МВД-м «И къалэным зэрыхуэпэжым папщІэ» и щІыхь дамыгъэр Кобзон Иосиф, Елисеев Виктор, Агафонов Юрий сымэ яритащ. Концертым и кІэухым абы кьрикьлэхэми артистхэми зэщІыгъуу Иосиф Кобзон игъэзащІэ уэрэдхэм ящыщ зы жаІащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и Іэтащхьэмрэ Кобзон Иосифрэ етІуанэ махуэм яІуащ УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и кьудамэу Налшык щыІэм щеджэхэм икІи абыхэм ящыгъуу фэепль сурэт зытрагъэхащ.

КЪБР-м и МВД-м и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Дипломхэр ираташ

Пенсэ фондым и Іуэхущ1анІэу Налшык къалэм щыІэм иджыблагъэ гуфІэгъуэ зэІущІ щекІуэкІащ 2007 гъэм нэхъыбІу страховани езыгъэжьІуэкІаІэм дипломхэр етыжыным теухуауэ. УФ-м и Пенсэ фондым и щІыналъэ Іуэхущ1анІэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ Щауэжь Хьэсэнбий жиІащ мыпхуэдэ гуфІэгъуэ зэхъыкьэхэр дн республикэм нтьэс зыбжанэ хуауэ зэрышІрагъэкІуэкІыр. Абыхэм щІэуэ щащІ нкІи щагъэхьапІэ страховани езыгъэжьІуэкІэм ящыщу нэхъ зэкІэтхьыкІуэу страховой взносхэр зытхэр. щыгу къэс тещІыхьа учетыр ирагъэкІуэкІын папщІэ зыхуей Іуэхуэхэрэ бжьыгъэхэмрэ и пІалъэм кьрнубыдэу кьезыгъэхьэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ ехьэхьуэу кьэпсэльащ Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Портэ Галинэ**. Абы кьыхигъэщащ КЪБР-м и Президент Кьаныокъу Арсен республикэр дотащэхэм зэрельытар кьэгъэтІэсхьэнкІэ теухуауэ кьыгъуэва кьалэнгъэ гъэзэжьыгъэ папщІэ страховой взносхэр тэмэму кьыхэхьнми мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Страховани егъэкІуэкІыным хьэлэлу елэжьхэр мы зэманым щапхъэ яхуохъу предприятэхэм я унафэщІхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакІуэхэмрэ, кьыхигъэщхьэхукІащ Портэ Галинэ.

Текіуахэм дипломхэр щаритым Къэрал Іуэхущ1анІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и Іэнатіэу КЪБР-м щыІэм и Налшык къалэ къудамэм и унафэщІ Бэрсэдж Юрий жиІащ:

- Пенсионеру, нькъуэдыкъуэу, зауэм хэтау я къалэм щыпсэу щыху мин 55-м я Іуэхур зэрырихьунр куэдкІэ ельытащ дэтхэнэ унафэщІри страховой взносхэр тынным зэрегучым. Сэ икъуэкІэ сыщогугІыкІ апхуэдэ къалэныр хьэлэлу зытэзащІэхэм я бжьыгъэ гъэ къэс нэхъыбэ зэрырихьым. Дяпэкіэ мыпхуэдэ зэІущІэхэр егъэкІуэкІыныр кабзэ быдэу увыну, мыгъэрей унафэщІу 6-м я пІэкІэ дызыхуэкІуэ илъэсым бжьыпэр зыубыда унафэщІу 60 кьызэхуэсыну дыщыгугъынщ.

«2007 гъэм кьрикІуахэм япкъ иткІэ страховани нэхъыбІу езыгъэжьІуэкІа» дипломхэр ираташ «ЮТК» ОАО-м и щІыналъэ и унафэщІ Профсеков Сергей, «Налшык хьэлвэ завод» ОАО-м и унафэщІ Кьудалы Мухьэмэд, «Гидрометаллург» ОАО-м и унафэщІ Шипов Алексей, хьэрычэт лэжьакІуэхэр Щэрхъ Мухьэмэд, Бжий Альберт, Кьущхьэ Мухьэмэд сымэ.

ТАУ Эльмирэ,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Налшык дэт стадионым Іэпщэ Александр и цІэр фІэщыным теухуауэ

Налшык щыІэ «Спартак» стадионым Іэпщэ Александр и цІэр фІащынущ.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм жэрдэм кьыхилъхьащ нэхъаным футболист цІэрыІуэу щыта, Тбилиси и «Динамом» хэту 1964 гъэм СССР-м и чемпион хьуа Іэпщэ Александр и цІэр Налшык щыІэ «Спартак» стадионым ІэпщІащ.

Зэгухьэныгъэм и Президиумым заншІэу зыхуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым. Жэрдэмкіэ республикэм и унафэщІхэм даІыгъащ икІи абы теухуауэ унафэр Налшык къалэ советым и депутатхэм ирагъэкІуэкІыну зэІущІэ гъунэгъуэхэм ящыщ, щым кьыщащтэнущ, ящ1 «Спартак-Налшык» командэм и сайтым.

КІэщІу фагу кьэдгъэкІыжьинщ ди лъэпкъэгъу спортсмен Іэзэм и кьекІуэкІыкІар.

Іэпщэ Александр Ладин и кьуэр (1939 - 1991 гъ.) къэбэрдей-балъкъэр, урысей, совет футболым и нэхъ ныгъэшхуэхэм ящыщащ. Спортсмен щІэрыІуэр, топ джэгуным хуабжьу хуэІэкІуэлъакІуэр, СССР-м и чемпиону (1964), РСФСР-м и чемпиону (1965 гъ.) щытар ди хэку, дунейпсо спортым и тхьдэм зэм хэмыкІыжьыну кьыхэнащ. Абы иІэ фІыщІэ зэрыхуэм хуагъэфащащ «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр, абыхэм папщІэ фІащащ. «КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лъжьакІуэ» цІэ лъапІэр.

Совет Союзым и чемпион хьуауэ Тбилиси и «Динамом» кьикІыжа нэужь, СССР-м и спортым щІыхь зиІэ и мастер Іэпщэ Александр Ладин и кьуэм Налшык и «Спартак» хэку-зэныгъэ ин дыдэм тригъэгушхуащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и командэр «Б» классым икІри «А» классым кІуащ икІи абы 1965 гъэм Урысей Федерацэм футболымкІэ и зэпеуэныгъэм дыщэ медалхэр кьащІихьащ.

Іэпщэ А. Л. Бахьсэн районым щыІэ Кьызбрун І (ХьэтІохъущІыкъуей) - къуажэм кьащІахьауащ. 1959 гъэм ар ирагъэблагъащ «Б» классым и мастерхэм я «Спартак»-Налшык командэм. Москва и «Динамом» (1962 - 1963 гъ.) Тбилиси и «Динамом» (1963 - 1964 гъ.) щыджэгуащ. Налшык и «Спартак»-м и тренер нэхъыщхьэу (1980 - 1982 гъ.) щытащ. Абы и жэрдэмкІэ КъБАССР-м футболымкІэ Сабий-ныбжьыщІэ спорт школ щыщІэзэІуахащ. Тренер лэжьыгъэм щІэпэрытым ди республикэм щигъэхьэзыращ СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я ныбжьыщІэ командэ кьыхэхэзам, ди къэралым и футболым и мастерхэм я командэхэм щыджэгуя футболистхэу пщІыхэр.

Тбилисиро Москварэ я «Динамокэм», Налшык и «Спартакым» я ветеранхэмрэ абыхэм кьадэщІхэмрэ ящІэж гъуащхьэхъуэмэныкъуэ Іэпщэ Александр и джэгукІэ тельыджэмрэ абы гъуащхьэхэм ди лъэныкъуэ топ дахащІэжэмрэ. Топыр аутым кІуэ иужь, и Іэхэмкіэ ар кьридзэу зэрыщытам и лъэщагъэмкіэ абы дунеим иджырыр кьэзыр зыри кьыщІетмыкІуэуэ кьалъытэ.

Александр бгырыс нэст, адыгэ хабзэм куууэ хэзыщІыкІт, унагъуэ хъарзынэ зиІэт. Абы и фэеплъ нэхур фуГолбыр фІыуэ зыльагъуэхэм, топ джэгуным ІэщІагъэ зыхуэхъуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм я спорт щыхьэхыр зыгъэльапІэ псоми зэи ящымыгъупщэжыну яГу кьинащ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

●МэкЪумэш ІэнатІэм

Зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъу

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 23 - 25 махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ «Белагросервис» РО-м и унафэщІ Лабушев Николай зи пашэ лІыкІуэхэр. Мыбы и пэкІи ди газетым теташ «Белагросервис» РО-мрэ «Къэббалькъарголизинг» компаниемрэ ди республикэм иджырей мэкъумэш техникэ кьегъэщІэныкІэ зэрызэгурыІуэм теухуа тхьэІэ.

Ди щІыпІэм кьэкІуа хьэщІэхэр щыІащ Урысей мэкъумэш академием мэкъумэш хозяйствэмкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. Абы хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ щытепсэлъыхьащ гъавэ жьыпапхъэ гъэкІыныкІэ зэрызэгъэзэжьыну щыІэкІэм.

«Къэббалькъарголизинг» ІэнатІэм и пащІэтІэм хьэщІэхэм жьынщи, абы и нэпэкІыщІ щхьэхуэхэм ящыщу нэхъ сфІэгъэщІэгъэнщІ «Малъхъэдисыр», «Ислъамым и нурыр», хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ятеуэуа тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри купщІафІэщ, акъыпрэ гупсысэрэ зыхэзыщІ, хьэпрэмэтщ. Сэ ехым таурыхъ кІэщІ, жьыгъэгъэ, гушыІэ хуэдизкІэ щысти-хи хъэсу, си кьэламытам кьыпыкІахэм ящыщ гуэр фи газетым зэгуэр зыкІытехуэныр согугъэ.

Ди лъэпкъым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ, абы и дуней «Адыгэ псалъэ» газетыр зыгъэхьазырэхэм, тхыгъэ хущІафІэхэр ди пащхьэ кьизыльтыхьэхэм пщІэ лей фхуэфащэщ.

МЭЛЫХЪУЭУНЭ-АХЪМЭТ Марие.
Тэрч куей.

●Шэрэдж куей

«Сабиигъуэм и дуней»

Шэрэдж куейм хьыхь Жэмтхьэдэ кьуажэм дэт курыт еджапІэм и ГъэмахуэІагъэрым щрагъэжьІуэкІащ «Сабиигъуэм и дуней» зыфІащэ спорт зэхъэзэхуэхэр.

САБИЙЖЭМ я гъэсэу дэтэхэр зы спорт джэгукІэми гъэсакІуэхэр адэ-анэхэри хэтащ. Гухэхьуэт укІэлъыплъыну футболымкІэ, дзэпеинымкІэ, жьыкъэу пкІэнымкІэ балигъэри зэрыжаныи. «Сабиигъуэм и дуней» нэхъ кьулей, нэхъ дахь кІыщІэзыщІ пасэрей лъэпкъ джэгукІэхэми кьызэгъэпэщакІуэхэм кьыпакІуэкьакъым. «Кіапсэзэпекъу», «Лъэпкъ бэнэкІэ», «ХэтІэ-хэсэ» джэгукІэхэр зэрелІуэкІым епльыну кьэкІуат лагерым зыщІызыгъэпсэну сабийхэм я адэшхуэ-анэшхуэхэри.

Зэхъэзэхуэхэм яІэ увыпІэр кьыщІахьащ е 4-нэ классым щеджэ цыкІуэхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэ Джэрий Нинэрэ. ЕтІуанэ увыпІэр е 3-нэ класситІым хуагуащ. Сыт и лъэныкъуэкІи нэгъуэжьу екІуэкІа зэхъэзэхуэр зэфІэкІа нэужь, Уэрэзейхэ Мухьэрбий-рэ Жаннэрэ лагерым щыІэ цыкІуэхэм Іэфыкіэ зэмылІэужьыгъуэхэр зытелъ Іэнэ кьыхуагъэуващ.

«Сабиигъуэм и дуней» кьызэзыгъэпэща, кьуажэ курыт еджапІэм пэщІэдзэ классхэмкІэ я методобъединенэм и унафэщІ Бозий Эльмирэ сабийхэм я зыгъэпсэхуГуэ зэманыр нэгъэужьу ягъэкІуэным зи зэфІэкІ хэзылъхьа адэ-анэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ фІыщІэ ин яхунащІ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЕтІанэгъэ щыщІэдзауэ

2009 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ Урысейм дзжьащІэ нэхъ мащІэ дыдэр сом 4330-рэ щыхьэнущ.

Апхуэдэ унафэм Іэ тридзащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий.

Зрагъэужьын папщІэ

УФ-м и Правительствэм унафэ кьищтащ 2009 - 2011 гъэхэм къралым футболым зыщегъэужьыным и Іуэхум сом меларди 4,5-рэ хуиутІыщыщыну.

А ахьшэр трагъэКІуэдэнущ стадионхэр зэгъэпэщыжьным, иджырей зэманым сыт и лъэныкъуэкІи езэгъ топ джэгуп1эхэр ухуэным, спорт школхэм я дзжьыгъэр егъэфІэжьыным, и.къ.

ЩІыр щыхъеящ

Якутиемрэ Камчаткэмрэ щІыр щыхъеящ.

Япрей щІыналъэм абы и кІаурур балли 8-м щыщІиГуащ. ЦІыху хэкІуэдакъым, зэхэкъутэныгъэщхуэ щыІэкъым. Камчаткэм щІыр щыщыхъеяр щІыху зыщымыпсэу щІыпІэрщ.

Апхуэдэу щІыр щыхъеят Индонезиеми къудейсызыгъэ кьыщыхъуакъым.

ФІагъыр яп ирагъэщ

УФ-м и Къэрал Думэм дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэху зэмыщхъ кьудым щытепсэлъыхьащ.

Депутатхэр етІуанэ еджэгъуэкІэ хэплъащ хадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ кьыщІахуэ псым и фІагъым теуха хабзэм и проектым, апхуэдэ псыр гъэщІагъэ хэмылъу кьабзэу щытын хуэфащэ зыгъэувым. А хабзэр зымыгъэзащІэхэр жэуапым ирашэлІэнущ. ЗэкІэ Іуэхур зытетращи, хадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ ящэжьжьэ нектар зэмылІэужьыгъуэхэр зыхакІа псыщ нэхъыбэу ящэр.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ **Томчак Юрий** УФ-м и МВД-м «И къалэным зэрыхуэпэжым папщІэ» и щІыхь дамыгъэр Кобзон Иосиф, Елисеев Виктор, Агафонов Юрий сымэ яритащ. Концертым и кІэухым абы кьрикьлэхэми артистхэми зэщІыгъуу Иосиф Кобзон игъэзащІэ уэрэдхэм ящыщ зы жаІащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и Іэтащхьэмрэ Кобзон Иосифрэ етІуанэ махуэм яІуащ УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и кьудамэу Налшык щыІэм щеджэхэм икІи абыхэм ящыгъуу фэепль сурэт зытрагъэхащ.

КЪБР-м и МВД-м и пресс-Іуэхущ1анІэ.





Ф І Ф Ы Щ І Э

♦ Яубэрэжьырэ щІыхухэм япкърыупщІыхьу мыдэным и дунейпсо махуэщ. Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм 1995 гъэм игъэщащ.

♦Мадагаскар Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - къэралыр хамэ унафэ кьыщыщІэкІхьа махуэщ (1960).

♦Африкэ Ищэм и Щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1955 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м Африкэ Ищэм щыпсэу лъэпкъхэм я конгрессым Щхьэхуитныгъэм и хартие кьыщащтащ. Абы кьыгъэувыр апартеидым и политикэр ягъэкІуэдыжу демократие, экономикэ зэхъэзэкІныныгъэ ягъэкІуэкІыну.

♦ИльэС 55-рэ и пэкІэ (1953) Берие Лаврентий КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хагъэкІащ, СССР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министр, СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и яп кьуэдзэ кьулыкъухэр щхьэщІащ. 1953 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м и судыр укІкІэ щащІащ. 1999 гъэм и жэпуэгъуэм УФ-м и Суд Нэхьыщхьэм и дзэ коллегием Берие Лаврентий хэй щІыжь мыхьуну кьиІытащ.

♦Мэкъуауэгъуэм и 26 - 27-хэм Ханты-Мансийск щекІуэкІынущ Урысей - ЕС самитыр.

♦Мэкъуауэгъуэм и 26 - 28-хэм Аделаидэ (Австралие) щекІуэкІынущ Егъэджэныгъэм ехьэлІа Іуэхуэхэм теухуа дунейпсо зэІущІэ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 25-м, кьухьжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 55-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикьэ 30-рэ.**

ПІлагъэр зыхьэхьэлъэрар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Пэщыр. Хъыджэбзыр

Акъылыр Іуэхум и лъапсэщ.

●«Адыгэ псалъэр» кьыхьызох

Ди чэнджэщэгъу

Ди лъэпкъым, республикэм и блэкІамрэ и нобэмрэ, абы и къэкІуэнымрэ и Іуэхущ1афэмрэ, зэрыщыту Урысейм, хамэ къэралхэм щекІуэкІхэм щыгъэзэ дызыщІ «Адыгэ псалъэ» республикэ газетыр зыхэсхьэхэ щыІэкъым. Ди анэдэлъхубзэмкІэ кьыдэкІ газет закъуэр дэтхэнэ зы унагъэмэ кьыІэрыхьэн хуейуэ си гуГэщ. Ар псэлъэгъуфІщ зи ныбжь хэкІуэта, лэжьыгъэ Іэнатіэхэр зэрымащІэм кьыхэкІыну пщІантІэм дэтІысхьэжьын хуей хьуа щІыхуэм дежкІэ. Абы и напэкІуэцІхэм щІалэгъуалэм кьрагъуатэ чэнджэщ. Іущыгъэ, ущие кьуэд.

ПОЩТЭЕХЬЭМ «Адыгэ псалъэр» кьыщикьыным сыпоплъэ махуэ кьэс. Республикэм и экономикэм игъуэт зыужьыныгъэм, политикэ Іуэхуэхэм сыкІэлъопльэ. Иджыблагъэ Налшык сыщыІатэ, ар зэрефІакІуэм, и тепльэ дахэм, псом хуэмыдэу уГ нэхъыщхьэхэм зэрызахъуэжам, сыдахьохащ. А псори си фІыгъэ ди Президентым, республикэ унафащІхэм фІыщІэ яхуэфащэщ. Си фІащ мэхъу апхуэдэ зыужьныгъэр дэтхэнэ куеймэ зэрыІэсынур.

«Адыгэ псалъэмкІэ» згъэзэжынщи, абы и нэпэкІыщІ щхьэхуэхэм ящыщу нэхъ сфІэгъэщІэгъэнщІ «Малъхъэдисыр», «Ислъамым и нурыр», хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ятеуэуа тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри купщІафІэщ, акъыпрэ гупсысэрэ зыхэзыщІ, хьэпрэмэтщ. Сэ ехым таурыхъ кІэщІ, жьыгъэгъэ, гушыІэ хуэдизкІэ щысти-хи хъэсу, си кьэламытам кьыпыкІахэм ящыщ гуэр фи газетым зэгуэр зыкІытехуэныр согугъэ.

Ди лъэпкъым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ, абы и дуней «Адыгэ псалъэ» газетыр зыгъэхьазырэхэм, тхыгъэ хущІафІэхэр ди пащхьэ кьизыльтыхьэхэм пщІэ лей фхуэфащэщ.

МЭЛЫХЪУЭУНЭ-АХЪМЭТ Марие.
Тэрч куей.

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Фигу кьыдогъэкІыж 2008 гъэм и етІуанэ илъэс нкьуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр эрнухьу.

Илъэс нкьуэм газетым и уасэр сом 356-рэ кІэнлейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1анІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Жылагъуэм пкърыт узыфэ

(КЪуухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Доклад зыщIам хэхауэ къыхигъэщхьэхукIащ къэрал властым и органхэм коррупцэм пыщIауэ щалэжь щIэпхьджагъэхэр къызэрыщIэгъэщыгъуэйм и щхьэусыгъуэр УФ-м и Уголовнэ кодексым «коррупцэ» жыхуиIэм и юридическэ мыхьэнэр белджылыуэ зэрыщымыубыхуэр зэрыарар.

- Іулъхьэ зэблэзыгъэкIэм себэныныкIэ лэжьыгъэр нэрылъагъуу апэкIэ кIуэтэн папщIэ мы Іуэхум пыщIа къэрал ведомствэ псоми я къарухэр зэгъэуIун хуейщ, - къыхигъэщащ БХБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIым.

Къапщтэмэ, абы жиIащ республикэ программэ хэхам хэпльэжьпхьэу, ар гъэзэщIэным хуэхаха хэпщIэжьпхьэу, щIэн хуейуэ къызэрилытагъэ. Апхуэдэу гульытэ зыхуэщIыпхьэхэм ящыщщ хабзэм кьемызэгъэпыкъуагъуэ мылькур къэзыгъэсебэпыныу хущIэкъуэхэм зэрапэщIэт законэр егъэфIэкIуэныр, коррупцэм ебэныныкIэ къэрал программэ хэха зэхэпльхьэныр икIи абы Іулъхьэ зэблэзыгъэкIэм я пэщIэтыным хуэгъэза правовой, экономикэ, социальнэ, нэгъуэщI Іэмалхэр къыщыгъэльэгъуэныр.

УФ-м и Президентым и полномочиэ лыкIуэу Ищъ федеральнэ округым щIэм и Аппаратым КЪБР-м кьегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Меркулов Александр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ коррупцэр мы зэманым жылагъуэм кьыпкърыхьа узыфэ нэхъ Іейхэм зэращыщыр икIи абы пыщIа щынагъуэ псори щIыхухэм нэсу къагурыгъэIуэн зэрыхуейр.

Хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакIуэхэм конституцэ хабзэр кьыщзрагъэпэщ пэтми езыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ къащхьщыжхэр зэрымащIэм и гугъу щищIым, Меркулов Александр къыхигъэщхьэхукIащ:

- Сэ нобэ кьыхэслъхьэну сыхуейт республикэм конституцэ хабзэр щыхъумэным щIэбэнурэ зи гъащIэр зыта хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм я фэеплъ аллее кьызэгъэпэщныным теухуа жэрдэмыр. Апхуэдэ фэеплъым щIалэгъуалэр щIэпIыкIыным мыхьэнэщхуэ иIэну кьызэпытI.

Хъэрычэт Іуэху мыиным, хьэрычэт Іуэху курытым я гугъу щищIым федеральнэ инспекторым жиIащ а Іэнатlэхэр кьызэращытэ план зэгуэт яубзыхуу печатым кьытрадзэн хуейуэ, дэтхэнэ хьэрычэт лэжьакIуэми къэщIытакIуэ кьыщыхуэкIуэну зэманыр ищIэн папщIэ.

УФ-м и прокуратурэм Следствиемкlэ и комитетым и управленэу КЪБР-м щыIэм и унафэщI **Устэ Валерий** зэрыжиIамкIэ, ямыгъэIэпхъуэ мылькур зэблэгъэкIыным пыщIа хабзэншагъэ хуэд щыIэщ. Абы кьыхэкIыу Президиумым хэтхэм зыхуэфащэ депутат комиссэ кьызэрагъэпэщрэ къэщIытэныкIэ и отделым и унафэщI **Танифа Виктор** къызэрилытэмкIэ, республикэ законодательствэм, адрей хабзэ мардэхэм зэрыщIэхъуэ зэхпльэжьпхьэщ Іулъхьэ тыным щIыхуэгъэ зэрыщIэгъэщ Іулъхьэ тыным хуэунэтIауэ.

- А Іуэхум прокуратурэм и органхэм зэпымыуэу я гульытэ хуащI, ауэ муниципалитетхэм щалэжь мыхьэмышIагъэхэр нэхъ мащIэ Іуэрылъ, - щIигъужащ абы.

Іулъхьэ зэблэзыгъэкIэм зэпэщIэтыныкIэ лэжьыпхьэу кьиныкIэм тепсэлъыхьащ ЛКБКъУ-м политологическэ и кафедрэм и унафэщI **Тен Тимур.** Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал ухэныгъэмкlэ, щIыпIэ самоуправлением и Іуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**кьыхащ Урысей Федерацэм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием социологическIэ и институтым иригъэкIуэкIа къэщIытэныгъэхэм ящыщ икIи къэралым коррупцэм зэрызышуфбгъуар къэзыгъэльагъуэ кьита бжыгъэхэр, КЪБР-м екьэлIа апхуэдэ бжыгъэхэр.

Къэпсэлъахэм жэуапхэр иратащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченко Людмилэ**, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщIэхэм языхэз **Сэхъу Владимир**, Лжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкlэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Джэш ФатIимэ** Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** сымэ зыщIэуущIахэм.

ЗэдзIуа докладэр кьалытэри, депутатхэм зыхуэфащэ чэнджэщ пыухыкIахэр кьащтащ.

ЗэIущIм и кIуэным кьыщыпсалъэм КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс** жиIащ республикэм и гъащIэм дежкIэ нобэ зыхэпльа Іуэхум мыхьэнэщхуэ зэрилъэгъуэ иIэну абы и лъэныкъуэкIэ жаIа псори кууэ зэрызэпыкърахынур.

- Іулъхьэ зэблэзыгъэкIэм щхьэгъэзэзыпIэ ямыгъэтыжу щIыныр, а Іуэхум щIыхуб хъыбарегъащIэ ІэнатIэхэр кьызэрыщIэжьыкIыным пыщIа хабзэншагъэ хуэд щыIэщ. Абы кьыхэкIыу Іэпхъпхъэ щхьэгъэзэзыпIэ зэрагъэзэщIэмрэ коррупцэм пэщIэтыныкIэ и отделым и унафэщI **Танифа Виктор** къызэрилытэмкIэ, республикэ законодательствэм, адрей хабзэ мардэхэм зэрыщIэхъуэ зэхпльэжьпхьэщ Іулъхьэ тыным щIыхуэгъэ зэрыщIэгъэщыным икIи хэгъэкIыным хуэунэтIауэ.

- А Іуэхум прокуратурэм и органхэм зэпымыуэу я гульытэ хуащI, ауэ муниципалитетхэм щалэжь мыхьэмышIагъэхэр нэхъ мащIэ Іуэрылъ, - щIигъужащ абы.

Іулъхьэ зэблэзыгъэкIэм зэпэщIэтыныкIэ лэжьыпхьэу кьиныкIэм тепсэлъыхьащ ЛКБКъУ-м политологическIэ и кафедрэм и унафэщI **Тен Тимур.** Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал ухэныгъэмкlэ, щIыпIэ самоуправлением и Іуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**кьыхащ Урысей Федерацэм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием социологическIэ и институтым иригъэкIуэкIа къэщIытэныгъэхэм ящыщ икIи къэралым коррупцэм зэрызышуфбгъуар къэзыгъэльагъуэ кьита бжыгъэхэр, КЪБР-м екьэлIа апхуэдэ бжыгъэхэр.

Къэпсэлъахэм жэуапхэр иратащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченко Людмилэ**, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщIэхэм языхэз **Сэхъу Владимир**, Лжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкlэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Джэш ФатIимэ** Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** сымэ зыщIэуущIахэм.

ЗэдзIуа докладэр кьалытэри, депутатхэм зыхуэфащэ чэнджэщ пыухыкIахэр кьащтащ.

ЗэIущIм и кIуэным кьыщыпсалъэм КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс** жиIащ республикэм и гъащIэм дежкIэ нобэ зыхэпльа Іуэхум мыхьэнэщхуэ зэрилъэгъуэ иIэну абы и лъэныкъуэкIэ жаIа псори кууэ зэрызэпыкърахынур.

- Іулъхьэ зэблэзыгъэкIэм щхьэгъэзэзыпIэ ямыгъэтыжу щIыныр, а Іуэхум щIыхуб хъыбарегъащIэ ІэнатIэхэр кьызэрыщIэжьыкIыным пыщIа хабзэншагъэ хуэд щыIэщ. Абы кьыхэкIыу Президиумым хэтхэм зыхуэфащэ депутат комиссэ кьызэрагъэпэщрэ кьэщIытэныгъэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

**Хабаровск къалэ милицэм и унафэщІхэм ящыщу тІу къыщІагъэщащ хьэрычэтыщІэхэр яхъунщІэну хэту. Мурманск щыщ милиционерым и хьэр игиГъэдзакъэуРэ, лажьэ зимыІэ щыхур хигъэзыхьащ зэрыдигъуэмкІэ зыкъиумысыну. Башкирием и къалэхэм ящыщ зым хабзэхъумэхэм зэрыхьэзрий мыщхьэпэхэр къыщІэтри, цІыхухэр быхьэ Іэджэм хагъэтащ. КуэдыР щыхуу сыгъэзыхьащ зэрыдигъуэмкІэ зыкъиумысыну. Башкирием и къалэхэм ящыщ зым хабзэхъумэхэм зэрыхьэзрий мыщхьэпэхэр къыщІэтри, цІыхухэр быхьэ Іэджэм хагъэтащ. КуэдыР щыхуу сыгъэзыхьащ зэрыдигъуэмкІэ зыкъиумысыну. Апхуэдэ къэхъугъэхэр гъэнэжщ. Араш ди къэралым ис куэдым я дзыхьыр хабзэхъумэхэм щІрамыгъэзэр, ахэр цІыхубзм и дежкІэ щынагъуэ хъыщІыкІыр. «Аргументы и факты»: газетым и Іыхьэ гъэзэжьмэхэм журналистхэмрэ зэхуэхьэсащ милицэм хэт цІыхухэм, Іулъхьэшхэм. Къэрал хабзэхэр зыри къызымыдэхэм я Іэужь мыхъумыщІэхэр къэзыгъэзагъэ тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщ гуэрхэм щІэджыкІакІуэхэр щыгъуазэ фахуэтщІынц.

МИЛИЦЭМ и лэжьакІуэхэм ящыщ зым пхъашэу зэрелсэльам къыхэкІыу бэлыхь иным хадзащ Белгород областым щыІэ Гостищевэ къуажэм къыщыхъуа, машинисту еджэну зи мурада Назаренкэ Владимир. Ар цІыхуищым иубыдащ, милицэм и унэм пэгъунэгъуу щыІэ гаражым ялъэфщ, бензин тракІэри, ягъэсыжащ. ЩІалэр щыщІалъхьэм, диным и лэжьакІуэм жиІат хьадзэр щІэхъумэн хуейуэ. Ауэ Владимир и анэм иукъудиящ: «ИрелъагІу щыхуэм ди милицэм ди быхьэзрихьумэ щыкІэр!»

Екатеринбургрэ къыщыхъуа гъэпэщащ лажьэ зимыІэу милицэм, прокуратурэм, судым я тезыр ин дыдэхэр къызытехуа цІыхуэхэм я уэчыл жылагъуэ зэгухьэныгъэ. Соколовым и щхьэкІэ Александр зи ІэщІыр. Соколовми и щхьэкІэ игъуэнуащ хабзэхъумэхэм я «лэжьэкІэр»: кІымыдыгъуа хьэпшыпхэр кІыкІащІадзэри, лъэхъуэщІым ирадзащ, ильэс зыбжанэкІи бэлыхь Іэджэ ирагъэшэчащ.

Соколовым зэрыжиІамкІэ, лъэхъуэщхэм ящыщ зым хабзэхъумэхэм къыщыхэІуахат «ЦІыхуэхэр щауібэрэкъ фабрикэ». Абы залымыгъэ ин дыдэхэр щызэрахьэурэ, иубыдахэм «къыщрагъэІуа» эрыгъэ зэрагъэкъуэнэ пэсри зэралэжьамкІэ, судыр щІэкІуэкІкІэ пэжыр жаІэну, захуагъэм къару игъэутыжыну гугъэу. Ауэ судыщІэхэм, хабзэ зэрыхьэуати, мыпхуэдизу жаІэрт: «ТхылъымпІэм уэрыкъуанщэмкІэ Іэ щыщІэбдзакІэ, зыри пхуэсщІэфынукъым». Апхуэдэ щыкІэкІэ зи «щыбагъым» зыри къыдэмыт, Іулъхьэшхуэ зымытыф цІыху «цІыкІуэхэр» тутнакъэщым ирадзэрт ильэсипщІ е нэхъыбэж пІалъэкІэ.

Бжьигъэхэр щыхьэт зэрытехуэрыщІу, апхуэдэ лажьэкІэр гува-щІэхами хэІущІыІэр кІоХу. 2007 гъэм кьриубгІэ псынщІэм» жьедж, уи Іуэхур зытетыр яхуэІуатэ, фэбжь птельхэр егъэтх.

Милиционерхэм къаІэщІэкІа нэужь, лей зытехуэхэр хэтщ къащІыщІар зыщагъэгъупщэжьну, хабзэхъумэхэм уапэІуэнымкІэ зыри кІымыкІІну къалъытэри. Апхуэдэхэр захуэхъым: милицэм и лэжьакІуэ хабзэншэхэм зедмыгъэщІыхужмэ, зи гуныкъуэгъуэ дыщагъэщІэнукъым.

КъыбдэІэпыкъункІэ зэрыщІыгъуэ къунэхэр:

1. УФ-м и МВД-м щынагъэунщагъэмкІэ и департаментыр. Тел. (495) 239-07-30.

2. «Си хуитныныгъэ» обществэр. Тел. (495) 739-91-57.

3. «ЦІыхубзфэсэкІыныгъэ и бий комитет». Тел. (831) 433-14-04.

4. «Общее действие» гупыр. Тел. (495) 623-44-20.

5. «Общественный вердикт» фондыр. Тел. (495) 540-68-51.

6. Центр следствия реформе уголовного правосудия. Тел. (495) 621-09-15.

ЧЕРНЫХ Татьянэ.
«Аргументы и факты».

●ЩІэпхъаджагъэхэр

Милицэр ІэщэкІэ зэщІэузэдащ икІи шынагъуэщ

Бжьигъэхэр щыхьэт зэрытехуэрыщІу, апхуэдэ лажьэкІэр гува-щІэхами хэІущІыІэ кІоХу. 2007 гъэм кьриубгІэ псынщІэм» жьедж, уи Іуэхур зытетыр яхуэІуатэ, фэбжь птельхэр егъэтх.

Милиционерхэм къаІэщІэкІа нэужь, лей зытехуэхэр хэтщ къащІыщІар зыщагъэгъупщэжьну, хабзэхъумэхэм уапэІуэнымкІэ зыри кІымыкІІну къалъытэри. Апхуэдэхэр захуэхъым: милицэм и лэжьакІуэ хабзэншэхэм зедмыгъэщІыхужмэ, зи гуныкъуэгъуэ дыщагъэщІэнукъым.

КъыбдэІэпыкъункІэ зэрыщІыгъуэ къунэхэр:

1. УФ-м и МВД-м щынагъэунщагъэмкІэ и департаментыр. Тел. (495) 239-07-30.

2. «Си хуитныныгъэ» обществэр. Тел. (495) 739-91-57.

3. «ЦІыхубзфэсэкІыныгъэ и бий комитет». Тел. (831) 433-14-04.

4. «Общее действие» гупыр. Тел. (495) 623-44-20.

5. «Общественный вердикт» фондыр. Тел. (495) 540-68-51.

6. Центр следствия реформе уголовного правосудия. Тел. (495) 621-09-15.

ЧЕРНЫХ Татьянэ.
